



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APEPRÈ 32 MILYON DOLA NAN FINANSMAN  
KAPITAL POU ÒGANIZASYON ATISTIK AK KILTIRÈL SAN BI LIKRATIF YO**

***Sibvansyon NYSCA yo pral sipòte plis pase 100 pwojè atravè tout 10 rejyon Eta  
New York yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse apeprè 32 milyon dola yo te bay atravè fon pwojè kapital Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik la (New York State Council on the Arts, NYSCA) la pou sipòte 102 pwojè nan rejyon nan eta a. Investisman nan òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif yo atravè New York sipòte renovasyon bilding esansyèl yo, amelyorasyon aksè ak nouvo espas pou travay kreyatif ak kiltirèl. Òganizasyon andeyò Vil New York yo te resevwa 55 pousan nan prim yo, pandan 69 pousan nan prim yo te ale nan òganizasyon ki gen bidjè ki mwens pase 3 milyon dola.

"Plis pase 100 pwojè n ap sipòte atravè finansman sa a pral montre òganizasyon atistik ak kiltirèl yo atravè eta a epi ankouraje devlopman ekonomik pou plizyè deseni k ap vini yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan sit istorik yo rive nan nouvo sant atistik plizyè fonksyon yo, divès pwojè sa yo pral elaji aksè ak dirabilite òganizasyon atistik ak kiltirèl yo pandan y ap devlope ekonomi lokal yo, ap mennen touris ak kreye travay nan tout Eta New York."

Pwojè Kapital NYSCA pou Atizay ak Kilti se investisman estratejik ki pèmèt òganizasyon yo pi byen sèvi ak angaje kominote yo. Yo pèmèt sit atistik ak kiltirèl yo vin pi aksesib fizikman ak dirab, amelyore kapasite òganizasyon yo pou konekte ak odyans yo epi yo vin destinasyon esansyèl pou rezidan yo ak vizitè yo. Pwojè solid yo konbine ekselans nan konsepsyon ak desizyon enfòmè ki pral sèvi ak ranfòse sektè atistik ak kiltirèl New York, estimile ekonomi lokal yo, katalize investisman nan kominote nou yo, epi ede asire dinamis òganizasyon kiltirèl nou yo.

Prim NYSCA te anonse yo jodi a gen ladan de kategori sibvansyon: Sibvansyon Amelyorasyon Kapital Piti ak Mwayen yo – ki varye ant 50,000 dola ak 2 milyon dola – ak gwo Sibvansyon pou Amelyorasyon Kapital yo – ki varye ant 2 milyon dola ak 10 milyon dola epi konsantre sou gwo pwojè kapital ki priyorize devlopman kominote a ak kreyasyon espas yo.

Finansman NYSCA a pral sipòte pwojè ki gen ladan:

### **Snug Harbor Cultural Center and Botanical Garden - Staten Island, NY (Vil New York)**

Lajan pwojè a pral ede ekipe nouvo sistèm teyat yo nan kad yon gwo ekspansyon sal mizik istorik Snug Harbor Cultural Center a. Avèk anèks la ki prèske fini, òganizasyon an pral amelyore sistèm ekleraj, son, ak videyo epi ranplase chèz oditoryòm lan nan tout lokal la.

### **Collar Works - Troy, NY (Rejyon Kapital)**

Pwojè sa a pral transfòme yon fondri istorik pou vin yon nouvo sant milti-atistik ki aksesib ak trè modèn avèk yon espas galri endistriyèl, 11 estidyo abòdab, espas travay an kolaborasyon pou atis, twalèt piblik, espas restoran/otèl ak yon lakou deyò fleksib pou evènman piblik ak pwogramasyon.

### **John W. Jones Museum - Elmira, NY (Southern Tier)**

Pwojè a pral lakòz konstriksyon yon lòt pati pou bilding prensipal mize a, kay istorik abolisyonis Afriken-Ameriken ak chèf estasyon tren souteren John W. Jones. Nouvo anèks aksesib la pral elaji anpil kantite vizitè ki ka vizite mize a alafwa epi pèmèt òganizasyon an reyalize pwogramasyon sou plas ki te fèt yon lòt kote anvan sa.

### **Uptown Theater for Creative Arts - Utica, NY (Mohawk Valley)**

Finansman an pral sipòte renovasyon konplè, ekipman ak re-ouvèti teyat istorik Uptown Theater for Creative Arts ane 1920 yo nan Utica. Pwojè a pral pèmèt UTCA pote nouvo pwogram kiltirèl epi kontribiye nan revitalizasyon katye Uptown Utica nan espas ki te abandone anvan an.

### **Craigardan - Elizabethtown, NY (North Country)**

Fòn yo pral sipòte konstriksyon The Main Building, yon lokal aksesib avèk galri ak espas pou pwogram kiltirèl, evènman, ak edikasyon kòm yon pati nan ekspansyon kanpis atistik plizyè enstalasyon òganizasyon an.

### **Shandaken Theatrical Society (dba Phoenicia Playhouse) - Phoenicia, NY (Mid-Hudson)**

Lajan yo pral sipòte renovasyon fasad ak antre prensipal teyat la pou amelyore sekirite ak aksè pou tout vizitè yo.

### **Garth Fagan Dance - Rochester, NY (Western NY)**

Garth Fagan Dance pral ranplase ekipman ekleraj aje li yo avèk yon nouvo sistèm ekleraj teyat an LED ki efikas nan enèji epi ki konplètman ka pwograme.

Klike [isit la](#) pou w jwenn yon lis konplè benefisyè yo.

**Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Erika Mallin, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Lejislati a pou sipò yo. Pwojè sa yo esansyèl pou pwosperite ak byennèt endistri kreyatif nou an ak kominote nou yo, sitou pandan n ap kontinye travèse pwosesis rekiperasyon sektè kreyatif nou an. Sipò sa a pral**

ede estimile ekonomi lokal yo, katalize investisman nan kominote nou yo epi ede asire dinamis òganizasyon kiltirèl nou yo pou kounye a ak pou lavni."

**Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Katherine Nicholls, te deklare,** "Nan non anplwaye NYSCA ak Konsèy la, nou felisite tout benefisyè Fon Pwojè Kapital Ane Fiskal 2024 nou yo. Nou rekonèt ekselans pwojè ou yo, epi nou di ou mèsè pou jesyon devwe ou nan enstalasyon atistik ak kiltirèl enpòtan New York sa yo. Tout Nouyòkè yo pa ka tann pou yo wè pwojè enpòtan sa yo devlope epi pou yo wè yo ankouraje kwasans ak kreyativite nan kominote toupatou nan eta a pou ane k ap vini yo."

**Senatè Eta Jose Serrano te deklare,** "Lè nou sipòte boza ak kilti, nou kiltive ekonomi lokal yo, ranfòse touris, kreye travay ak enspire elèv ki gen tout laj. Sibvansyon kapital sa yo pral amelyore aksè ak dirabilite òganizasyon atistik ak kiltirèl New York yo, pou ede kominote ti atravè eta a grandi ak pwospere. Felisitasyon pou tout benefisyè yo".

**Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare,** "Kòm Prezidan Komite Devlopman Touris, Pak, Boza ak Espò, mwen te wè pèsònèlman wòl esansyèl finansman kapital jwe nan ranfòse òganizasyon atistik ak kiltirèl atravè eta a. Avèk Fon Pwojè Kapital NYSCA a, li pral fè plis pase jis amelyore enfrastrikti yo ak operasyon yo – li pral amelyore kapasite yo pou angaje, edike ak enspire kominote nou yo. Kalite investisman sa a esansyèl pou anrichi peyizaj kiltirèl eta nou an, e m pa ka tann pou m wè efè pozitif li pral genyen pou jenerasyon k ap vini yo."

Depi Pwojè Fon Kapital NYSCA a te kòmanse an 2018, ajans lan te bay 473 sibvansyon kapital, ki totalize 214 milyon dola, atravè tout 10 rejyon eta yo pa mwayen sipò Gouvènè a ak Lejislati a. Pwojè sa yo ogmante kapasite travay epi fè avanse espas kiltirèl yo kòm destinasyon touris yo, ranfòse sektè ospitalite, alimantè ak bwason, ak vant an detay New York yo.

Anplis Fon Pwojè Kapital yo, NYSCA te bay 80 milyon dola sibvansyon ki pa kapital bay plis pase 1,000 òganizasyon atistik ak plis pase 500 atis endividyèl pou ane fiskal 2024 la.

Gouvènè Hochul kontinye fè investisman rekò pou devlope nan New York sektè atistik ak kiltirèl ki enpòtan nan peyi a. Bidjè ane fiskal 2025 ki adopte a gen ladan 80 milyon dola pou sipò operasyonèl jeneral NYSCA pou òganizasyon san bi likratif yo ak atis endividyèl yo ak yon lòt 80 milyon dola nan nouvo finansman kapital pou pèmèt NYSCA ofri yon seri sibvansyon adisyonèl pou pwojè tout gwosè, soti nan 50,000 dola rive nan 10 milyon dola. Bidjè ane fiskal 2025 ki etabli de nouvo pwogram pou fasilite atis yo monte sou sèn nan kwasans ekonomik kontinyèl Eta a – Kiltive yon Paradi pou Atis yo gras ak Penti sou Mi (Cultivating Havens for the Arts through Regional Murals, CHARM NY), k ap finance konsepsyon ak enstalasyon penti sou mi nan kominote atravè New York yo; ak Pwogram Bousdetid "State of the Arts" la, k ap mete atis yo nan ajans Eta yo pou fè objektif politik piblik yo avanse atravè apwoch kreyatif.

## **Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan**

Misyon Konsèy Atistik Eta New York la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta New York pou tout moun. Pou sipòte reyabilitasyon kontinyèl zèv atistik nan Eta New York, Konsèy Atistik la pral akòde 127 milyon dola nan Ane Fiskal 2024 la, ki ap benefisye plis pase 2,000 òganizasyon atistik ak atis nan tout 10 rejyon eta yo. Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Krewe pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite [www.arts.ny.gov](http://www.arts.ny.gov), epi swiv paj [Facebook](#) NYSCA, sou X [@NYSCArts](#) ak Instagram [@NYSCouncilontheArts](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)